

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



NAMA :

NOMOR UJIAN :

ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL

MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL

TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Mata Pelajaran :	Hari /Tanggal :
Kelas :	Waktu : 90 menit

I. Berilah tanda silang (X) pada huruf a, b, atau c pada lembar jawaban yang benar!

- Wacan kang isine nggambarake sawijining objek yaiku ...
A. Narasi B. Persuasi C. Dheskripsi D. Eksposisi
- Ing ngisor iki titikan kang mligi saka wacan dheskripsi, yaiku ...
A. Nggatekake urutan wektu
B. Ngunakake pancadriya
C. Linambaran alesan kang mathuk
D. Ngajak pamaca supaya nglakoni apa sing diandharake
- Wacan deskripsi kang nggambarake objek adhedhasar kesan sing diduweni penulis sajrone wacan diarani dheskripsi ...
A. Campuran
B. Subjektif
C. Spasial
D. Objektif
- Ing ngisor iki sing **ora** klebu jenis wacan dheskripsi, yaiku ...
A. Dheskripsi campuran
B. Dheskripsi subjektif
C. Dheskripsi spasial
D. Dheskripsi objektif
- Dolanan kang dilakokake nganggo prinsip utama normal an adat – istiadat sing wis ana kanthi turun temurun diarani dolanan ...
A. Tradisional
B. Modheren
C. Lawas
D. Anyar
- Dolanan tradisional nduweni mungpangkat kang apik kanggo perkembangan
A. Awak
B. Fisik
C. Mental
D. Fisik lan mental

7. Ing ngisor iki mupangate nindakake dolanan tradisional, *kajaba* ...
 - A. Rukun karo kanca
 - B. Tulung – tinulung karo kanca
 - C. Awak sehat
 - D. Awak lara
8. Gobak sodor, bekelan, engklek, klebu jinise dolanan ...
 - A. Tradhisional
 - B. Modern
 - C. Wong dhisik
 - D. Wong saiki
9. Salah sawijine mupangat saka dolanan tradhisional, yaiku ...
 - A. Panglipur nalika ati lagi krasa susah
 - B. Sarana kanggo padudon karo kancane
 - C. Suoaya bias dolanan tekan sore
 - D. Supaya ora sinau
10. Ing ngisor iki dolanan tradhisional kang apik kanggo ngembangake olah pikir, yaiku ...
 - A. Dhelikan
 - B. Gobak sodor
 - C. Pasaran
 - D. Betengan
11. Teks wacan kang ngandharake kadadean kanthi urutan (*koronologis*), yaiku ...
 - A. Dheskripsi
 - B. Narasi
 - C. Argumentasi
 - D. Persuasi
12. Bagian teks narasi sing isine ngemot perkara – perkara kang ana sajroning crita diarani ...
 - A. Orientasi
 - B. Komplikasi
 - C. Resolusi
 - D. Koda
13. Pawarta yaiku ...
 - A. Micara ana ing sangarapae wong akeh
 - B. Informasi ngenani sawijining prastawa kang dumadi
 - C. Tembang kang dilagokake nalika dolanan bebarengan
 - D. Tetembungan memper syair kang indah
14. Perangan unsur sajroné pawarta yaiku ...
 - A. 1W + 5H
 - B. 6W + 2H
 - C. 5W + 1H
 - D. 2W + 6H

15. Pawarta iku nduweni titikan faktual. *Faktual* tegese ...
- A. Pawarta kasebut isih anyar
 - B. Pawarta kang diwartakake kasebut wigati utawa penting lan narik kawigaten wong akeh
 - C. Migunakake basa kang gampang dimangerteni
 - D. Adhedhasar fakta
16. Pawarta kang diwartakake iku becik pawarta kang aktual. *Aktual* tegese
- A. Isih anyar
 - B. Penting
 - C. Cekak aos
 - D. Jangkep
17. Kang dudu titikane pawarta, yaiku
- A. Aktual
 - B. Faktual
 - C. Ora wigati
 - D. Cekak aos
18. Ing ngisor iki titikane basa sajrone pawarta, *kajaba* ...
- A. Narik kawigaten
 - B. Dawa
 - C. Cekak
 - D. Cetha
19. Ing ngisor iki sing ora klebu jinis pawarta adhedhasar sumber, yaiku ...
- A. Opini
 - B. Campuran
 - C. Fakta
 - D. Regional
20. Salah sijine tuladha kalawarti basa jawa, yaiku ...
- A. Jawa pos
 - B. Solopos
 - C. Kompas
 - D. Penjebar semangat
21. Pawarta lumantar medhia tv utawa radhio jinise pawarta ...
- A. Opini
 - B. Fakta
 - C. Lisan
 - D. Tulis
22. Ing ngisor iki *ora* klebu unsur 5W + 1H pawarta, yaiku ...
- A. *Watt*
 - B. *What*
 - C. *Who*
 - D. *Where*

23. Golek informasi saka wong kang diarani narasumber kanthi cara kagiyatan pitakon – wangsulan, yaiku ...
- A. Narasumber
 - B. Wartawan
 - C. Wawancara
 - D. Ariwati
24. Narasumber yaiku ...
- A. Wong kang dadi punjering pitakon sajrone wawancara
 - B. Golek informasi marang wong kang dianggep ngerti
 - C. Warta kang diterbitake saben dino
 - D. Warta kang diterbitake kala-kala
25. Basa kang di pacaki utawa dipaes amrih nuwuhake suasa kang endah, bregas lan ngresepake diarani basa ...
- A. Jawa
 - B. Rinengga
 - C. Saroja
 - D. Entar
26. Tembung loro kang tegese padha digandheng dadi siji lan dianggo bebarengan kanthi nduweni teges mbangetake diarani tembung ...
- A. Saroja
 - B. Entar
 - C. Kawi
 - D. Camboran
27. Ing ngisor iki kang ora klebu basa rinengga, yaiku ...
- A. Tembung camboran
 - B. Tembung saraja
 - C. Tembung tanduk
 - D. Tembung entar
28. Tembung *abang mbranang* iku klebu tuladhane tembung ...
- A. Camboran
 - B. Kawi
 - C. Saroja
 - D. Entar
29. Tembung *prapteng* klebu tuladhane tembung
- A. Camboran
 - B. Camboran tugel
 - C. Camboran wutuh
 - D. Camboran entar

30. Tembung saroja nduweni teges ...
- A. Salugune
 - B. Ora salugune
 - C. Mbangetake
 - D. Anyar
31. Ing ngisor iki tuladhane tembung saroja, *kajaba* ...
- A. Abang mbranang
 - B. Andhap asor
 - C. Gandhes luwes
 - D. Gedhe cilik
32. Sesawangan ing gunung bromo kene pancen edi peni
Tembung kang ginaris tegese...
- A. Edi lan peni
 - B. Apik lan apik
 - C. Endah banget
 - D. Endah wae
33. Ing ngisor iki klebu camboran wutuh, yaiku ...
- A. Nagasari
 - B. Lunglit
 - C. Bangjo
 - D. Prameswari
34. *Bangjo, lunglit, prapteng* klebu tembung ...
- A. Camborsn wutuh
 - B. Camboran tugel
 - C. Camboran tunggal
 - D. Camboran wudhar
35. Para warga tumandang gawe kanthi sukarenam sinambi tetmbangan. Tembung *sukarena* tegese ...
- A. Rame
 - B. Bebarengan
 - C. Seneng
 - D. Rukun
36. Tuladhane tembung entar, yaiku ...
- A. Putra putri
 - B. Meja bunder
 - C. Sandhang pangan
 - D. Adus kringet
37. Tembung macapat asale saka tembung *maca* lan ...
- A. Kupat
 - B. Sepat
 - C. Papat
 - D. Lepat

38. Ing ngisor iki sing klebu tembang macapat yaiku

- A. Sinom
- B. Kartonyono medhot janji
- C. Wirangrong
- D. Wajibe dadi murid

39. Tembang “pocung “ iku klebu tembang ...

- A. Macapat
- B. Ageng
- C. Tengahan
- D. Campursari

40. Wanda iku tegese ...

- A. Suku bangsa
- B. Suku kata
- C. Suku pulo
- D. Suku Negara

41. Tembang macapat cacahé ana ...

- A. Sepuluh
- B. Sewelas
- C. Rolas
- D. Telulas

42. Watake tembang “pocung”, yaiku ...

- A. Sereng lan prawira
- B. Susah lan nelangsa
- C. Bebas lan galak
- D. Bebas dan lucu

Wacanen cakepan tembang ing ngisor iki kanggo mangsung pitakonan nomer 12-16!

Ngelmu iku kalokane kanthi laku Lekase lawan kas Tegese kas nyantosani Setya budya pangekese dur angkara

43. Guru wilangan lan guru lagune tembang kasebut yaiku ...

- A. 12a, 6a, 8u, lan 12a.
- B. 12a, 6a, 8o, lan 12a.
- C. 12u, 6a, 8i, lan 12a.
- D. 12u, 6o, 8i, lan 12a.

44. Tembung *lekas* ing cakepan kasebut, padha tegese karo

- A. Sikat
- B. Rikat
- C. Suwe
- D. Sadhela

45. 12a iku guru wilangan lan guru lagune tembang pocung gatra kaping ...

- A. Pisan
- B. Pindho
- C. Telu
- D. Papat

46. Guru wilangan lan guru lagune gatra katelu, yaiku ...

- A. 8i
- B. 8ni
- C. 7ii
- D. 7ni

47. Cacahe wanda saben sagatra diarani ...

- A. Guru wilangan
- B. Guru lagu
- C. Guru gatra
- D. Dhong – dhing

48.

Bapak pocung renteng- renteng Kaya kalung Dawa kaya ula Pencokanmu wesi miring Sing disaba si pocung mung turut Kutha
--

Batangane tembang “pocung” ing dhuwur, yaiku ...

- A. Gajah
- B. Sepur
- C. Jam tangan
- D. Kendhil

49. Pitutur luhur tembang macapat bisa dimangerteni kanthi sarana mengerteni Luwih dhisik.

- A. Isine tembang
- B. Juduke tembang
- C. Wiramane tembang
- D. Watake tembang

50. Supaya bias mangerteni isine tembang, sing pertama di lakokake yaiku

- A. Negesi saben larik
- B. Ngidentifikasi klebu tembang apa
- C. Negesi tembung angel
- D. Nggatekake guru lagu, guru wilangan, lan guru gatrane

a. b. c.

51. ...

a. b. c.

52.

a. b. c.

53. ...

a. b. c.

54.

a. b. c.

55. ...

a. b. c.

56. ...

a. b. c.

57. ...

a. b. c.

58. ...

a.

59. ...

a. b. c.

60. .

a. b. c.

61. ...

a. b. c.

62.

a. c.

63. ...

a. b. c.

64. ...

- a. b. c.
65. ...
- a. b. c.
66. ...
- a. b. c.
67. ...
- a. b. c.
68. ...
- a. b. c.

II. Isilah titik-titik berikut dengan tepat!

1. ...
2. ...
3. ...
4. ...
5. ...
6. ...
7. ...
8. ...
9. ...
10. ...